

**PANGAJARAN NGADAMEUI PETA KONSÉP TINA BUKU
FIKSI BACA NGAGUNAKEUN MODÉL BRAIN WRITING
PIKEUN MURID KELAS VIII DI SMP NUSANTARA BANDUNG
TAUN PANGAJARAN 2018/2019**

ku
VINA NUR FATIMAH
NIM 155030126

RINGKESAN

Brain writing mangrupikeun modél pangajaran pikeun ngasah pikiran jang nuliskeun ideu-ideu tina masalah anu rék dicaritakeun. Ulikan ieu boga tujuan pikeun meunangkeun gambaran kaefektifan modél brain writing dina pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca pikeun murid kelas VIII SMP Nusantara Bandung taun ajaran 2018/2019. Pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi mangrupikeun kagiatan pangabisa nuliskeun ideu-ideu pokok carita fiksi anu dibaca kanu peta konsépkeun. Panalungtik ngarumuskeun masalah anu diwincik dina patarosan ieu, nyaéta: 1). Dupi panulis tiasa ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung ngaévaluasi pangajaran pikeun ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca nganggo modél brain writing? 2). Aya henteu bébéda anu nonjol dina hasil pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca ku kelas eksperimen anu nganggo modél brain writing jeung ku kelas kontrol anu nganggo modél pengajaran tak terarah? 3). Kumaha kaefektifan modél brain writing dina diajar ngadameul peta konsep tina buku fiksi nu baca? Hasil panalungtikan nyaéta: 1). Panalungtik tiasa ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung ngaevaluasi pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca nganggo modél brain writing, dibuktikeun ku nilai RPP 3,8 jeung ngalaksanakeuna pangajaran 3,5. 2). Aya bébéda anu nonjol dina hasil pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca antawis kelas ékspérimén anu nganggo modél brain writing jeung kelas kontrol anu nganggo modél pengajaran tak terarah, dibuktikeun tina hasil diajar kelas ékspérimén anu punjul, nyaéta rata-rata pretes 24,34 jeung postes 84,43, bédana 60,09, sanaos kelas kontrol rata-rata pretes 22,52 jeung postes 61,30, bédana 38,78. 3). Modél brain writing efektif dipaké pikeun pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca, dibuktikeun tina hasil tés statistik dipikanyaho yén $t_{hitung} > t_{tabel}$ nyaéta $25.45 > 17.45$, sanaos modél pengajaran tak terarah dina kelas kontrol dipikanyaho $t_{hitung} < t_{tabel}$ nyaéta $16.02 < 17.45$. Artina modél brain writing efektif dipaké pikeun pangajaran ngadameul peta konsép tina buku fiksi anu dibaca.

Kecap galeuh: *Pangajaran, peta konsép, buku fiksi, model brain writing.*